

EKONOMIZE LAJAN AK TAN AVÈK MANJE GRATIS NAN LEKÒL

Pou ane lekòl sa a, nap sèvi manje yo yon fason diferan akòz pandemia. Manje yo GRATIS pou tout timoun ak adolesan yo nan Massachusetts epi yo disponib nan nenpòt sant ki endike sou paj entènèt www.meals4kids.org/meals

KI MOUN KI KA JWENN MANJE LEKÒL GRATIS?

- Tout timoun ak adolesan—ki gen laj 0-18 ane, epi nan kèk kote jiska laj 21 ane—kapab resevwa manje gratis, kit yo nan lekòlkit y ap aprann lakay yo.
- Timoun ki pi jèn yo epi ki poko enskri lekòl kapab resevwa manje yo gratis.
- Paran/moun k ap pran swen timoun yo ka vin chèche manje yo pou pitit yo.
- Enskripsyon oswa idantifikasyon pa obligatwa.

KIJAN MWEN KAPAB RESEVWA YO?

- Ale sou paj entènèt meals4kids.org/meals pou jwenn sant ki bay manje gratis pou pote ale pou pase pran.
- Anpil sant ofri plizyè kalite manje alafwa, ak manje ki pou dire wikenn nan.
- Toudepan de kominote a, manje yo ka disponib atravè sèvis livrezon lakay tou.
- Si pitit ou ale lekòl an pèsòn, manje lekòl la ap disponib nan lekòl la, anplis manje pou pote lakay pou jou aprantisaj adistans yo.
- Ou pa bezwen bay okenn enfòmasyon pèsònèl lè ou vin chèche manje yo nan sant ki endike yo sou paj entènèt meals4kids.org.

Jwenn yon sant ki bay manje gratis

WWW.MEALS4KIDS.ORG/MEALS



En Kontakte lekòl ou a dirèkteman pou jwenn detay yo ak plis enfòmasyon. Si ou ta renmen èd pou jwenn plis resous spu kesyon manje, tanpri kontakte Liy Dirèk Project Bread's Food Source nan nimewo 1-800-645-8333.

